Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 46 (6932) 9 декабрь 2024 с. Итни Жумадул ахир 1446 с. Багьа - эркенаб



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Россиялъул Минобороныялъулгун контракт хъвай, налогазда хурхараб налъи тIагIинаби

### ХIалтIулъ гIадлу-низам цIуниялъулги бицана

**2024-абилеб соналъул 2-абилеб декабралда Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда муниципалиteталъул администрациялда киналго тайпабазул налогал гIужда кьеялъул, Россиялъул Минобороныялъулгун контракт хъваялъул, медицина, лъайкьей, росдал магIишат церетIеялъул ва цогидал кIвар бугел суалал рорхараб данделъи тIобитIана.**



Гьенир гIахьаллъи гьабуна районалъул нухмалъулесул заместителал ГIалихан ДавудхIажиевас, МухтарахIмад АхIмадовас, федералиял, регионалиял, бакIалъулал идарабазул вакилзабаз ва цогидаз.

Гъалип Гъалиповас баян гьабуна жиндир заманалда налогал кьеялъ республика, район цебетIезе квербакъулеблъи. Гьес киназдего хитIаб гьабуна налогазда хурхараб налъи лъагIел лъугIилелде тIагIинабизе хIаракат бахъеян.

Гьединго, муниципалитеталъул нухмалъулес бицана, Россиялъул Минобороныялъулгун къотIи-къайги гьабун, рагъулаб хъулухъ борхизе аразе чIезарун ругел социалиял бигьалъабазул ва гIарцулаб кумекалъул. Данделъиялда гьединго рехсана щибаб идараялъул вакилзабаз хIалтIул гIадлу-низам цIуниялъул, ЕГИССО порталалда баянал росиялъул ва гь. ц.



Дандеруссиналъул ахиралда бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас лъазабуна жиндир заманалда ва лъикI тIадал ишал тIуразе хIаракат бахъеян.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## Бакълъулазул тIалъи – республикаялъулаб росдал магIишаталъул базаралда

### Хурухъабигун гIияхъабаз нигIматалги ричана

**Дагъистан Республикаялъул ХIукуматалъул жигаралдалъун тIобитIараб росдал магIишаталъулаб базаралда гIахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул вакилзабаз. Тадбир гIуцIун букIана МахIачхъала шагьаралъул централияб байданалда.**



Бакълъулазул делегациялда гъорлъ рукIана муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалипов, гьесул заместитель МухтарахIмад АхIмадов, районалъул росдал магIишаталъул ва экономикаялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимов, росабазул бутIрул, гIияхъабигун хурухъаби ва цогидал.



Бакълъул мухъалъул фермераз базаралде рачIун рукIана рацIцIадго гIезарурал нигIматал. Шагьаразда гIумру гьабулез гъираго босула бакъвараб гьан, гIеч, гьоцIо, мохмох, хурма, цIулакьо ва гь. ц.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Бакълъулазул сахаватчи НурмухIамад ГIалиевас 75 сон баялъул хIурматалда – республикаялъулаб волейболалъул турнир

- 2 гьум.



Килалъа ХIажимухIамад Шапиев – «Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи»

- 2 гьум.



СагIид МухIамадов – «БахIарчияб захIматалъухъ» медалаллъе мустахIикълъарав

- 3 гьум.



Ахмед Исмаилов из села Игали прибыл на место несения военной службы

- 3 стр.

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# Бакълъулазул сахаватчи НурмухIамад ГIалиевас 75 сон баялъул хIурматалда – республикаялъулаб волейболалъул турнир

## МахIачхъалаялъул командаялъ 1-себ бакI ккуна

**Гумбет районалъул ЦIияб Аргъвани росулъ араб анкьалъ волейболалъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионат тIобитIана пачалихъияв, сиясатияв, жамгIияв хIаракатчи НурмухIамад ГIалиевас 75 сон тIубаялъул хIурматалда.**



Спортивияб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас, «Дагъистан Республикаялъул волейболалъул Федерация» РООялъул нухмалъулесул заместитель МухIамад Гъаирбековас, эргъвендерил бегавулас, хIаракатчагIаз ва цогидаз.

Чемпионаталда гIахьаллъарал гIемерал командабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана «Искра» команда (МахIачхъала). КIиабилеб бакI босана «Гумбет» командаялъ, лъабабилеб бакI щвана ДГУялъул командаялъе.

Чемпионаталъул бищун лъикIав хIалев абураб цIар щвана Шехсаид Мирзабековасе («Искра»), «Гумбет» командаялъул Адам МухIамадов – бищун лъикIав бухьен гьабулев. Бищун лъикIав цIунулев абураб цIар кьуна ГIалибег Саидовасе (ДГУ). ХIаязухъ балагьаразе вокьиялъул приз щвана Арсен ГюльмухIамадовасе (Табасаран район).

Чемпионаталда бергьараб ва призовияб бакIал ккурал командабазе кубокал, грамотаби, медалал ва гIарцулаб сайгъаталги кьуна. Гьединго бергьенлъи босараб ва къиматал бакIал ккурал командабазда гьоркьоб бикьизе НурмухIамад ГIалиевасул гьудулзаби МухIудин МухIудиновас ва МухIамад Кихасуровас 150 000 гъурущги кьуна. Номинациязда бергьаразе бихьиназул ратIлил «Badu» тукеналъ 3 000 гъурщил сертификаталги кьуна.

Бакълъул районалъул рахъалдасан Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялда депутатлъун вукIарав НурмухIамад ГIалиевас жигараб гIахьаллъи гьабуна гIагараб районалъул гIумруялъулъ. Кумек гьабуна нухал, цIалул идараби ва цогидал кIвар цIикIкIарал бакIал къачIазе. Гьарула гьесие щулияб сахлъигун халатаб гIумру ва сундулъго битIккей.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Киналъа ХIажимухIамад Шапиев – «Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи»

## Администрациялъул ва маданияталъул вакилзабигун дандчIвана



**Спецоперациялъул гIахьалчи, «Бихьинчилъиялъухъ» медалалъул кавалер, Киналъа гвардиялъул сержант ХIажимухIамад Шапиевасе «Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи» абураб цIар щвана. Шапакъат бахIарчиясе Бакълъул районалъул администрациялда районалъул бетIерасул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас кьуна.**

Гумбет районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас ХIажимухIамадида шапакъат щвей баркана, гьарана гьесие щулияб сахлъигун халатаб гIумру, бергьенлъигун рокъове тIадвуссин.

Шапиевгун гьединго дандчIвана районалъул маданияталъул ва библиотекабазулаб хъулухъ гьабиялъул управлениялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадов ва гьесул хIалтIухъаби.



ВатIан цIунулес гьезда бицана СВОялъул мухъалда бугеб ахIвал-хIалалъул, ракьцояз рагъулаб борч жавабчилъиялда борхизе бахъулеб хIаракаталъул. Маданияталъул вакилзабазги ХIажимухIамадие гьарана бергьенлъигун тIадвуссин.

Отпускалъ вачIун вукIарав ХIажимухIамад Шапиев рагъулаб борч борхизе СВОялъул мухъалде тIадвуссана. Гьал къоязда гьев гьединго мустахIикълъана «БахIарчилъиялъухъ» медалалъеги.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ЛЪАЙ – ХАЗИНА

# СагIид МухIамадов – «БахIарчияб захIматалъухъ» медалаллъе мустахIикълъарав

## Лъайкьей цебетIезе гIумрудул 48 сон кьурав

**Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовасул нухмалъиялда тIобитIараб лъайкьеялъул ва гIелмабазул Советалъул заседаниялда хIалтIулъ лъикIал хIасилал рихьизарурал лъайкьеялъул хIалтIухъабазе шапакъатал кьуна.**



Пачалихъияб шапакъат щвараздагьоркьов вукIана Дагъистаналъул мустахIикъав мугIалим, гIаммаб лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан, педагогикияб захIматалъул ветеран, Игьали росдал гьоркьохъеб школалъул директорлъун вукIарав СагIид МухIамадов. ДРялъул бетIерас гьесие «БахIарчияб захIматалъухъ» медаль кьуна.

Лъайкьеялъе СагIид МухIамадовас гIумрудул 48 сон кьуна. Игьали росдал школалда 1976-абилеб соналдаса 1988-абилеб соналде щвезегIан мугIалимлъун хIалтIана. Хадув гьебго школалъул директорлъун вахъана. 2024-абилеб соналъ хIалхьиялде ана.

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас СагIид МухIамадовасда иргадулаб нухалъ шапакъат щвей баркана. Баркала загьир гьабуна районалъул лъайкьеялъул рахъ цебетIезе бахъараб хIаракаталъухъ ва гьарана щулияб сахлъи, мурадал тIурай ва сундулъго икъбал.

**Макка МухIамадова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО…

# Баркула шапакъат ХIажимухIамадида

Килалъа бахIарчи, ХIажимухIамад
ХIисматулал дада, эбел-инсул вас,
Сабурал яцазул мугъ чIвалев мун вац,
Баркула, рагъухъан, щвараб шапакъат!

Хандакъалъур рарал халатал сардал,
Соролел лугбузе, дуй щвечIеб хинлъи,
Чехь гIорцIизе щвечIел кванил нигIматал,
БукIина гьелъулги дуе даража.

Дуйги бокьиларищ дур хинаб гъасда,
Хъизамалда аскIор кьоял тIамизе,
Радал вахъарабго эбел-инсулгун,
Ургъелалги рикьун, хабар бицине.

Нилъеда тIадаблъун рикIкIунеб буго,
ВатIанги бокьизе рукъги цIунизе,
Килалъа рагъухъан, ХIажимухIамад,
ХIал кьуна дуцаги гьеб амруялъе.

КIочене виччачIо ВатIаналъги мун,
Борхун ккуна дур цIар цIвабзазда гьоркьоб,
Къиматаб шапакъат бана каранда,
Кидаго хутIаги хъизамалъе мун.

БачIина нилъейги рохалилаб къо,
Рагъ лъугIанин абун калам рагIараб,
ИншаАллагь, нилъер хьул къотIиларо,
Руссина рокъоре нилъер бахIарзал.

**Нуцалай Килалъа**

РИТМ ГУМБЕТА

# Самира Юсупова – победитель республиканского турнира по армрестлингу

**Учитель физкультуры Чиркатинской средней школы Гумбетовского района Самира Юсупова заняла первое место на республиканском турнире по армрестлингу среди слабовидящих.**



Показав отличные результаты в спортивных состязаниях, Юсупова пополнила свою копилку побед. Руководитель МР «Гумбетовский район» Галип Галипов поздравил Самиру Юсупову с очередной победой, пожелал крепкого здоровья и успехов во всех сферах жизни.

Отметим, что Юсупова вносит большой вклад в популяризацию спорта и здорового образа жизни в родном Гумбетовском районе.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Ахмед Исмаилов из села Игали прибыл на место несения военной службы

**Продолжается отправка жителей призывного возраста Гумбетовского района на военную службу в Вооруженных Силах РФ.**



Как сообщили нашему сетевому изданию, Ахмед Исмаилов из села Игали для несения военной срочной службы прибыл в Петропавловск-Камчатский. Он будет служить в 40-й гвардейской бригаде морской пехоты.

Отметим, что брат Ахмеда Исмаилова Шамил Исмаилов является участником СВО, командиром десантно-штурмовой роты гвардейской бригады морской пехоты Тихоокеанского флота, кавалером медалей «Народный герой Дагестана» и «За отвагу», а также за успешное выполнение боевых задач на передовой награждён медалью «За храбрость».

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Галип Галипов выразил соболезнования родным Омара Асадулаева, погибшего в зоне СВО

**Глава Гумбетовского района Галип Галипов выразил соболезнования родным Омара Асадулаева, погибшего в зоне СВО.**




«Уважаемые родные и близкие Омара Асадулаева, от имени жителей Гумбетовского района, администрации Гумбета и от себя лично выражаю вам искренние, глубокие соболезнования в связи с постигшим горем – уходом из жизни участника СВО Омара Асадулаева. Все мы – от Аллаха, и к Нему – наше возвращение. Да сделает Всевышний Омара Асадулаева из числа обитателей рая. Администрация Гумбетовского района будет оказывать поддержку семье храброго защитника Отечества», – сказано в соболезновании главы Гумбета Галипа Галипова.

Руководитель района посетил тазият, лично выразил соболезнования родным погибшего героя. Защитника Родины похоронили в селе Первомайском. Напомним, что Омар Асадулаев за подвиги, совершённые в ходе СВО, удостоен медалей Жукова, «За воинскую доблесть», досрочно получил звание младшего лейтенанта.

**РИО «Гумбет»**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

# В Гумбете проводится профилактическое мероприятие «Нетрезвый водитель»

**Республики Дагестан остается сложной, участились факты совершения ДТП по вине и с участием нетрезвых водителей с начала года за**




**фиксировано 65 ДТП по вине нетрезвых водителей, в которых погибли 18 и ранены 102 человека.**

В связи с этим 1 по 10 декабря 2024года по Республике Дагестан и на территории Гумбетовского района проводится профилактическое мероприятие под условным наименованием «Нетрезвый водитель», направленное на выявление и пресечение фактов управления транспортными средствами водителями в состоянии опьянения, а также не имеющими права управления и будучи лишенными этого права Врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району подполковник полиции М.А. Адилгереев.

**М. А. Адилгереев, врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району подполковник полиции**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## Оперативно-профилактическое мероприятие «Оружие»

**Уважаемые жители Гумбетовского района! Отделом МВД России по Гумбетовскому району доводит до Вашего сведения о том, что, оперативная обстановка, связанная с незаконным оборотом огнестрельного оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств на территории Республики Дагестан, остается сложной.**

С применением огнестрельного оружия и взрывных устройств на территории республики совершается значительное количество тяжких и особо тяжких преступлений, в том числе убийства, покушения на убийство, разбойные нападения, а также на объекты транспортной инфраструктуры и бизнеса. В с вязи с изложенным, в целях стабилизации оперативной обстановки на территории Республики Дагестан по линии борьбы с незаконным изготовлением и оборотом огнестрельного оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств, в период с 10.12.2024 по 20.12. 2024 года на территории Республики Дагестан проводится комплексная оперативно-профилактическая операция «Оружие». Основными задачами которого операции являются: Установление и перекрытие источников и каналов поступления в незаконный оборот оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств, в том числе контрабандных каналов и «мастерских» по переделке гражданского оружия в аналоги боевого.

ОМВД России по Гумбетовскому району просит граждан сообщить в дежурную часть отдела о любых известных Вам фактах незаконного оборота оружия взрывчатых веществ и взрывных устройств, Анонимность и вознаграждение гарантируется. Сообщения принимаются круглосуточно дежурная часть ОМВД России по Гумбетовскому району по телефону: 8-999-418-85-10.

**М. А. Адилгереев,**
**врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району подполковник полиции**

## О правах граждан на получение бесплатной медпомощи

**Информирование о правах граждан на получение бесплатной медицинской помощи в рамках программы обязательного медицинского страхования.**

Застрахованные лица имеют право на:

1) Бесплатное оказание им медицинской помощи медицинскими организациями при наступлении страхового случая.

2) Выбор страховой медицинской организации путем подачи заявления в порядке, установленном правилами обязательного медицинского страхования.

3) Замену страховой медицинской организации.

4) Выбор медицинской организации из медицинских организаций, участвующих в реализации территориальной программы обязательного медицинского страхования в соответствии с законодательством в сфере охраны здоровья.

5) Выбор врача путем подачи заявления лично или через своего представителя на имя руководителя медицинской организации в соответствии с законодательством в сфере охраны здоровья.

6) Получение от территориального фонда, страховой медицинской организации и медицинских организаций достоверной информации о видах, качестве и об условиях предоставления медицинской помощи.

7) Защиту персональных данных, необходимых для ведения персонифицированного учета в сфере обязательного медицинского страхования.

8) Возмещение страховой медицинской организацией ущерба, причиненного в связи с неисполнением или ненадлежащим исполнением ею обязанностей по организации предоставления медицинской помощи, в соответствии с законодательством Российской Федерации.

9) Возмещение медицинской организацией ущерба, причиненного в связи с неисполнением или ненадлежащим исполнением ею обязанностей по организации и оказанию медицинской помощи, в соответствии с законодательством Российской Федерации.

10) Защиту прав и законных интересов в сфере обязательного медицинского страхования.

**А. И. Шапиев,**
**главный специалист-эксперт (ЗПЗ) Ботлихского филиала ТФОМС РД**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## Уголовная ответственность за экстремизм и терроризм

**Современное российское общество переживает трансформацию системы ценностей, обусловленную модернизацией общественной жизни. Происходящие перемены в определенной степени сопровождаются напряженностью в межнациональных отношениях, межэтническими конфликтами, в силу чего появляются различные оппозиционные группы, пытающиеся добиться желаемого для них результата через экстремизм и терроризм.**

В настоящее время экстремизм и терроризм являются реальной угрозой национальной безопасности Российской Федерации. Экстремизм — это исключительно большая опасность, способная расшатать любое, даже самое стабильное и благополучное, общество.

Одним из ключевых направлений борьбы с экстремистскими и террористическими проявлениями в общественной среде выступает их профилактика.

ОМВД России по Гумбетовскому району уделяет повышенное внимание вопросам выявления, пресечения и расследования преступлений экстремистской направленности, а также профилактике терроризма и экстремизма.

Профилактика экстремизма и терроризма — это не только задача государства, но и задача представителей гражданского общества. Особая миссия при этом должна отводиться семье и школе, ведь не секрет, что социальная и материальная незащищенность, частый максимализм в оценках и суждениях, психологическая незрелость и значительная зависимость от чужого мнения, дают возможность легкого распространения радикальных идей среди молодежи.

Правовые и организационные основы противодействия экстремистской деятельности, ответственность за осуществление экстремистской деятельности определены Федеральным законом Российской Федерации от 25.07.2002 № 114-ФЗ «О противодействии экстремистской деятельности».

В Российской Федерации к экстремистской деятельности отнесены:

публичное оправдание терроризма и иная террористическая деятельность;

возбуждение социальной, расовой, национальной или религиозной розни; пропаганда исключительности, превосходства либо неполноценности человека по признаку его социальной, расовой, национальной, религиозной или языковой принадлежности, или отношения к религии;

нарушение прав, свобод и законных интересов человека и гражданина в зависимости от его социальной, расовой, национальной, религиозной или языковой принадлежности, или отношения к религии;

совершение преступлений по мотивам, указанным в пункте «е» части первой статьи 63 Уголовного кодекса Российской Федерации;

пропаганда и публичное демонстрирование нацистской атрибутики или символики либо атрибутики или символики, сходных с нацистской атрибутикой или символикой до степени смешения;

публичные призывы к осуществлению указанных деяний либо массовое распространение заведомо экстремистских материалов, а равно их изготовление или хранение в целях массового распространения;

организация и подготовка указанных деяний, а также подстрекательство к их осуществлению.

К уголовной ответственности за совершение таких преступлений в последние годы часто привлекаются несовершеннолетние, входящие в состав неформальных молодежный объединений, идеологией которых является ненависть к лицам иной национальности, социально незащищенным слоям населения. Так по ст.282 УК РФ (возбуждение ненависти или вражды, а равно унижение человеческого достоинства) все более часто осуждаются несовершеннолетние, действия которых выражаются в размещении в сети «Интернет» видеороликов пропагандистского характера со сценами насилия над лицами по мотивам нетерпимости и ненависти к расе, национальности и происхождению, публикуются текстовые документы под названием «Пособие по уличному террору» и т.д., с которыми знакомятся пользователи сети.

Терроризм является наиболее опасной формой экстремизма.

Правовые и организационные основы противодействия террористической деятельности определены Федеральным законом от 06.03.2006 г. № 35-ФЗ «О противодействии терроризму», Указом Президента Российской Федерации от 15.02.2006 № 116 «О мерах по противодействию терроризму».

К террористическим преступлениям относятся — террористический акт, захват заложника, организация незаконного вооруженного формирования и участие в нем, угон воздушного или водного транспорта либо железнодорожного состава и ряд других.

Одним из распространенных преступлений, относящихся к категории террористических, является преступление, предусмотренное ст.207 УК РФ – «Заведомо ложное сообщение об акте терроризма». Общественная опасность данного преступления заключается в нарушении нормального функционирования государственно-властных институтов, отвлечении сил органов охраны правопорядка на проверку ложных сообщений, а также специальных служб, призванных оказывать в чрезвычайных ситуациях помощь населению (бригады МЧС, скорой помощи, пожарной охраны и т.д.), нарушении прав и охраняемых законом интересов граждан.

Как показывает судебная практика причины совершения данного преступления самые разные — от душевных расстройств до желания развлечься.

Вместе с тем, за такие «развлечения» предусмотрено уголовное наказание до 3 лет лишения свободы, а уголовной ответственности по ст.207 УК РФ подлежат лица, достигшие 14-ти лет, а имущественный и материальный ущерб, связанный с работой бригад скорой помощи, МЧС и иных спасательных служб, призванных оказывать помощь в экстренных случаях и вынужденных проводить проверку ложного сообщения, ложится на плечи виновного лица.

Профилактика экстремизма и терроризма — это не только задача государства, но и задача представителей гражданского общества, самих граждан. В случае если Вам стали известны такие факты вы имеете право и должны обратиться в правоохранительные органы.

Телефон дежурной части ОМВД России по Гумбетовскому району 8-999-41885-10.

**М. А. Адилгереев,**
**врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району подполковник полиции**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова

Корреспондентал:
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.